

Enstriksyon yo pou Aplikasyon pou Pwogram Ekonomi sou Asirans Medicare (MSP) yo

Itilize demand sa a pou w konnen si ou oubyen konjwen ou an kalifye pou benefisye èd leta a pou peye prim Medicare w yo ak/oswa patisipasyon w nan frè yo. Sa a se PA yon demand pou lòt prestasyon tankou sèvis ak sipò alontèm. Si w ta renmen aplike pou yon lòt asirans Medicaid oswa ou bezwen èd pou w ranpli yon pati nan fòmilè sa a, kontakte biwo Medicaid ki nan rejyon ou an - www.medicaid.gov/about-us/beneficiary-resources/index.html#statemenu

Gen twa kalite Pwogram Ekonomi sou Asirans Medicare (MSPs):

Qualified Medicare Beneficiary (QMB): leta a peye prim Pati A ak/oswa Pati B Medicare la ak pati frè ou ta dwe responsab pou w peye yo (franchiz yo, ko-asirans ak kopeman yo). Si ou kalifye pou QMB, ou otomatikman kalifye pou w resevwa Anplis pou peye frè pou medikaman Pati D Medicare la.

Specified Low-Income Medicare Beneficiary (SLMB): leta a peye prim Pati B Medicare yo, epi ou otomatikman kalifye pou w resevwa yon Èd Anplis pou ede w peye frè medikaman Pati D Medicare la.

Qualifying Individual (QI): leta a peye prim Pati B Medicare yo, epi ou otomatikman kalifye pou w resevwa yon Èd Anplis pou ede w peye frè medikaman Pati D Medicare la.

Leta ap deside si ou kalifye (e si mari w oswa madanm ou kalifye, si mari oswa madanm ou ap aplike tou). Si yo apwouve demand MSP ou, yo p ap retire prim Pati B ou a nan avantaj retrèt Sekirite Sosyal, Travay Chemendfè oswa Fonksyon Piblik ou a ankò, epi w ap otomatikman enskri nan Èd Anplis pou ede w peye prim Pati D Medicare yo ak patisipasyon nan frè yo pou medikaman sou preskripsyon ki kouvri yo. Kontakte biwo Medicaid la si w pa enskri nan sibvansyon Èd Anplis la.

Rekiperasyon byen eritaj yo pa aplike pou èd ou jwenn pou peman prim oswa patisipasyon nan frè Medicare yo. Sa vle di ou P AP bezwen ranbouse okenn èd ou resevwa pa mwayen yon Pwogram Ekonomi sou Asirans Medicare.

Kisa ou ka bezwen pou w ka aplike

Ou ka bezwen bay kopi dokiman pou konfime kèk enfòmasyon, tankou:

- Prèv revni (tankou prestasyon retrèt oswa andikap oswa fich peman)
- Prèv byen w genyen yo (tankou relve bankè oswa kontra asirans)
- Prèv Medicare
- Pou moun ki pa sitwayen Ameriken yo, prèv estati imigrasyon ki elijib (tankou kat rezidans, paspò oswa lòt dokiman Ministè Sekirite Enteryè Etazini te bay)
- Prèv kote w abite (tankou yon fakti lwaye, bòdwo sèvis piblik (kouran, gaz), oswa kat idantite leta bay la)

Si ou bezwen plis espas pou w ekri, ajoute paj anplis.

Fason ou ka aplike

- Ranpli yon aplikasyon anliy sou _____
- Voye fòmilè aplikasyon sa a pa lapòs bay _____
- Voye aplikasyon sa a bay _____
- Ale nan biwo [ajans leta] w la nan _____
- Rele [ajans leta] w la pou mande èd nan _____

Kenbe yon kopi aplikasyon an pou sere nan dosye w yo.

Kisa k ap pase aprè?

Ajans Medicaid ou a pral egzamine aplikasyon w lan. Ou ta dwe jwenn yon repons konsènan kalifikasyon ou an nan 45 jou oplita. Si ou pa jwenn yon repons nan 45 jou oplita, kontakte ajans Medicaid ou a.

Jwenn èd pou kesyon ou genyen yo sou Pwogram Ekonomi sou Asirans Medicare yo

Pou kesyon konsènan Pwogram Ekonomi sou Asirans Medicare yo oswa sou avantaj Medicare ou yo, kontakte Pwogram Asirans Maladi Eta Finanse (SHIP) ki nan rejyon ou an. Rele [877-839-2675](tel:877-839-2675) oswa al sou www.shiphelp.org/ pou w jwenn enfòmasyon kontak yo.

Aplikasyon pou Pwogram Ekonomi sou Asirans Medicare yo

Enfòmasyon pèsònèl				
Aplikan - Ekri non w menm jan li ekri sou kat Medicare ou a				
Siyati	Prenon		Dezyèm prenon	
Adrès kay ou rete a	Vil	Eta	Kòd postal	
Adrès postal (si diferan)	Vil	Eta	Kòd postal	
Telefòn prensipal:	Lòt telefòn (ochwa):			
Adrès imèl (ochwa)	Eta sivil: Pa marye (selibatè/divòse/vèf/vèv) <input type="checkbox"/> Marye, ap viv ak konjwen <input type="checkbox"/> Marye men separe ak mari oswa madanm <input type="checkbox"/>			
Estatik sitwayènte: Èske w se yon sitwayen Ameriken? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Si se non, èske ou gen estatik imigran ki elijib? <input type="checkbox"/> Wi (Tanpri ranpli enfòmasyon ki anba yo) <input type="checkbox"/> Non				
Nimewo etranje, nimewo I-94 oswa nimewo idantifikasyon dokiman ak kalite dokiman	Dat yo te akòde estatik a	Dat ou te antre nan peyi Etazini	Peyi kote w soti	
Èske ou menm, oswa mari w/madanm ou oswa paran ou, se yon ansyen konbatan oswa yon manm aktif nan lame ameriken lan? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non				
Èske mari oswa madanm ou se yon sitwayen ameriken (si mari oswa madanm ou ap aplike pou MSP tou)? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Si se non, èske yo gen estatik imigran ki elijib? <input type="checkbox"/> Wi (Tanpri ranpli enfòmasyon ki anba yo) <input type="checkbox"/> Non				
Nimewo etranje, nimewo I-94 oswa nimewo idantifikasyon dokiman ak kalite dokiman	Dat yo te akòde estatik a	Dat ou te antre nan peyi Etazini	Peyi kote w soti	
Manm Fwaye yo Konte mari oswa madanm ou k ap viv nan menm kay la. Konte fanmi k ap viv nan menm kay ki <u>depann swa de oumenm oswa de mari oswa madanm ou pou omwen mwatye nan sipò finansye nou</u> . Si ou bezwen plis espas pou w ekri, ajoute paj anplis.				
Non (siyati, prenon, dezyèm prenon)	Kisa l ye pou ou	Dat nesans	Èske w ap aplike pou avantaj MSP yo?	Nimewo Sekirite Sosyal (si w ap aplike pou MSP)
	Pwòp tèt ou		Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/>	
	Konjwen		Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/>	
	Lòt (presize)		N/A	Ochwa

	Lòt (presize)		N/A	Ochwa
--	------------------	--	-----	-------

Enfòmasyon sou Asirans Medicare

Èske w gen Medicare?		Kalite kouvèti	Nimewo Medicare
Pwòp tèt ou	Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/>	Pati A <input type="checkbox"/>	
		Pati B <input type="checkbox"/>	
Konjwen	Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/>	Pati A <input type="checkbox"/>	
		Pati B <input type="checkbox"/>	

Lòt Enfòmasyon sou Asirans Sante

(tankou anplwayè, Medigap, Tricare, avantaj sante VA yo)

Detantè politik la	Asirè	Tip asirans lan	Nimewo politik la

Revni

Endike tout revni ke ou menm oswa konjwen ou an resevwa. Endike montan revni an anvan tout dediksyon tankou taks oswa prim asirans yo. Kalite revni yo enkli, men se pa sèlman:

- Prestasyon Sekirite Sosyal
- Sekirite Sipleman tè (SSI)
- Dedomajman pou Travayè
- Prestasyon Ansyen Konbatan yo
- Peman Pansyon Alimantè
- Èd Piblik
- Asirans Chomaj
- Travay Endepandan
- Dividand ak Enterè
- Revni Lwaye
- Salè nan yon travay
- Revni Komisyon
- Prestasyon Travay Chemendfè
- Prestasyon Retrèt Fonksyon Piblik

[illegible]

Byen yo

Si oumenm oswa konjwen ou gen byen, endike ki kalite byen, kimoun ki posede byen an epi si se yon sèl nan nou ki posede byen an oswa nou toude posede l ansanm. Byen yo enkli, men yo pa limite a:

- Lajan Kach
- Kont chèk
- Kont Epay
- Kont Mache Monetè
- Fon plasman komen
- Obligasyon epay yo
- Aksyon
- Sètifika Depo (CD)
- Kont Retrèt Endividyèl (IRAs)
- Fon pou antèman
- Kay oswa tè ou posede (eksepte rezidans prensipal)

Kalite byen an	Non pwopriyetè a (yo)	Pwopriyete	Valè li vo aktyèlman la
		Endividyèl <input type="checkbox"/> Ansanm <input type="checkbox"/>	\$
		Endividyèl <input type="checkbox"/> Ansanm <input type="checkbox"/>	\$
		Endividyèl <input type="checkbox"/> Ansanm <input type="checkbox"/>	\$
		Endividyèl <input type="checkbox"/> Ansanm <input type="checkbox"/>	\$
		Endividyèl <input type="checkbox"/> Ansanm <input type="checkbox"/>	\$
		Endividyèl <input type="checkbox"/> Ansanm <input type="checkbox"/>	\$
		Endividyèl <input type="checkbox"/> Ansanm <input type="checkbox"/>	\$
		Endividyèl <input type="checkbox"/> Ansanm <input type="checkbox"/>	\$

Èske oumenm oswa konjwen ou posede yon machin (machin, kamyon, bato, motorhome, motosiklèt, karavàn, ak/oswa trelè)? Si se wi, tanpri ajoute ekri yo nan yon lis pi ba a epi endike kiyès ki se machin prensipal ou:

Non pwopriyetè a (yo)	Pwopriyete	Kalite machin	Ane	Mak/Modèl	Valè	Kantite lajan ki dwe
	Endividyèl <input type="checkbox"/> Ansanm <input type="checkbox"/>				\$	\$
	Endividyèl <input type="checkbox"/> Ansanm <input type="checkbox"/>				\$	\$
	Endividyèl <input type="checkbox"/> Ansanm <input type="checkbox"/>				\$	\$
	Endividyèl <input type="checkbox"/> Ansanm <input type="checkbox"/>				\$	\$

Èske ou menm ak/oswa konjwen ou an gen kontra asirans vi antye ak yon valè nominal konbine pi wo pase \$1,500? Si wi, tanpri endike li anba a:

Moun ki Asire a	Non konpayi asirans/nimewo kontra a	Ou bezwen èd pou w jwenn valè politik la?	Valè nominal	Valè lajan kach
		Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/>	\$	\$

		Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/>	\$	\$
--	--	--	----	----

Li ak anpil atansyon anvan ou siyen

- Mwen konprann ke:
- Mwen dwe fè ajans Medicaid la konnen tout chanjman ki fèt nan sitiyasyon mwen touswit. Yon deklarasyon ki fèt anreta ka lakòz prestasyon ki pa kòrèk.
 - Ajans Medicaid la oswa lòt ajans leta oswa federal la ka verifye sitiyasyon mwen.
 - Ajans Medicaid la ka mande m pou m montre prèv si mwen kalifye. Ajans Medicaid la ka ede m jwenn prèv la oswa kontakte lòt moun oswa lòt ajans pou sa.
 - Lè mwen soumèt aplikasyon sa a, mwen otorize ajans Medicaid eta a pou yo kontakte konpayi asirans vi mwen an onon mwen.
 - Lè mwen mande ak resevwa prestasyon swen medikal, mwen bay leta a tout dwa pou sipò medikal ak nenpòt peman yon tyès pati fè pou swen medikal.
 - Si yo jije ke mwen elijib pou yon Pwogram Ekonomi sou Asirans Medicare, mwen **p ap** sibi rekipirasyon byen eritaj pou èd ke mwen jwenn pou peye prim, franchiz, oswa koasirans Medicare mwen yo.

W ap resevwa yon Avi Elijiblite pa lapòs aprè nou fin trete aplikasyon w lan. Si ou pa dakò ak sa ou kalifye pou yo a, ou ka fè yon kontestasyon. Konsilte Avi Elijiblite w la pou w ka jwenn enstriksyon presi pou fè kontestasyon pou chak moun lakay ou ki aplike pou asirans lan, ki gen ladan l nan konbyen jou pou w fè kontestasyon an. Men enfòmasyon enpòtan pou w konsidere lè w ap fè yon kontestasyon:

Ou ka fè yon moun mande oswa patisipe nan kontestasyon ou an si ou vle. Moun sa a kapab yon zanmi, yon fanmi, yon avoka, oswa yon lòt moun. Oswa, ou ka mande epi patisipe nan kontestasyon an poukont ou.

Pou w fè yon kontestasyon, rele nou nan 1-800-XXX-XXXX (TTY: 1-800-XXX-XXXX). Oswa, ale nan [medicaid.state.gov] pou jwenn yon fòmilè kontestasyon. Oswa, ou ka ekri pwòp lèt ou epi voye oswa pote l ba nou nan State Medicaid Agency, 321 Any Road, Any City, Any State 00100.

Deklarasyon ak Siyati

Mwen te li epi m konprann enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a. Mwen deklare, anba penalite pou fo temwayaj, enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon sa a vrè, kòrèk, epi konplè dapre sa mwen konnen.

Aplikan/reprezantan siyen la:		Dat:
Konjwen an siyen la (si sa aplikab):		Dat:
Non reprezantan:	Nimewo telefòn reprezantan:	Kisa l ye pou aplikan an:
Adrès postal reprezantan an:		Adrès imel reprezantan:

Ou gen dwa pou w jwenn enfòmasyon w yo nan yon fòm aksesib, tankou an gwo lèt, an Bray, oswa odyo. Ou gen dwa tou pou depoze yon plent si ou santi yo te fè diskriminasyon kont ou. Al sou [Medicare.gov/about-us/accessibility-nondiscrimination-notice](https://www.medicare.gov/about-us/accessibility-nondiscrimination-notice), oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou w jwenn plis enfòmasyon. Itilizati TTY yo ka rele 1-877-486-2048.

Ochwa: (Lè w bay enfòmasyon sa yo, sa pa p afekte kalifikasyon w.)

PWÒP TÈT OU: tcheke tout sa ki aplike yo

Si w se etnisite panyòl/latino

☐ Meksiken ☐ Meksiken Ameriken ☐ Chikano/a ☐ Pòtoriken ☐ Kiben ☐ Lòt _____

Ras

<input type="checkbox"/> Blan	<input type="checkbox"/> Amerendyen oswa Endijèn Alaska	<input type="checkbox"/> Filipino	<input type="checkbox"/> Vyetnamyen
<input type="checkbox"/> Gwameyen oswa Chamowo	<input type="checkbox"/> Nwa oswa Afwo-Ameriken	<input type="checkbox"/> Endyen Azyatik	<input type="checkbox"/> Japonè
<input type="checkbox"/> Lòt Moun Azyatik	<input type="checkbox"/> Samoan	<input type="checkbox"/> Chinwa	<input type="checkbox"/> Koreyen
<input type="checkbox"/> Endijèn Awayiyan	<input type="checkbox"/> Lòt Moun Zile Pasifik yo	<input type="checkbox"/> Lòt _____	

Chwazi yon repons.

Sèks yo ba w lè w fèt (yo ka jwenn li nan akdenesans ou)

☐ Fi ☐ Gason ☐ Lòt _____ ☐ Pa sèten ☐ Prefere pa reponn

Jennda ou ye aktyèlman la:

☐ Fi ☐ Gason ☐ Fi transjan ☐ Gason transjan ☐ Yon tèm diferan _____ ☐ Pa sèten ☐ prefere pa reponn

Oryantasyon seksyèl:

☐ Biseksyèl ☐ Lesbyen oswa masisi ☐ Etewo (pa lesbyen oswa pa masisi) ☐ Yon tèm diferan _____
☐ Pa sèten ☐ Prefere pa reponn

Ochwa: (Lè w bay enfòmasyon sa yo, sa pa p afekte kalifikasyon w.)

Konjwen: tcheke tout sa ki aplike yo

Si w se etnisite panyòl/latino

☐ Meksiken ☐ Meksiken Ameriken ☐ Chikano/a ☐ Pòtoriken ☐ Kiben ☐ Lòt _____

Ras

<input type="checkbox"/> Blan	<input type="checkbox"/> Amerendyen oswa Endijèn Alaska	<input type="checkbox"/> Filipino	<input type="checkbox"/> Vyetnamyen
<input type="checkbox"/> Gwameyen oswa Chamowo	<input type="checkbox"/> Nwa oswa Afwo-Ameriken	<input type="checkbox"/> Endyen Azyatik	<input type="checkbox"/> Japonè
<input type="checkbox"/> Lòt Moun Azyatik	<input type="checkbox"/> Samoan	<input type="checkbox"/> Chinwa	<input type="checkbox"/> Koreyen
<input type="checkbox"/> Endijèn Awayiyan	<input type="checkbox"/> Lòt Moun Zile Pasifik yo	<input type="checkbox"/> Lòt _____	

Chwazi yon repons.

Sèks yo ba w lè w fèt (yo ka jwenn li nan akdenesans ou)

☐ Fi ☐ Gason ☐ Lòt _____ ☐ Pa sèten ☐ Prefere pa reponn

Jennda ou ye aktyèlman la:

☐ Fi ☐ Gason ☐ Fi transjan ☐ Gason transjan ☐ Yon tèm diferan _____ ☐ Pa sèten ☐ prefere pa reponn

Oryantasyon seksyèl:

☐ Biseksyèl ☐ Lesbyen oswa masisi ☐ Etewo (pa lesbyen oswa pa masisi) ☐ Yon tèm diferan _____
☐ Pa sèten ☐ Prefere pa reponn